السنّة النبوية وعلومها
www.sunnah.global

# Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tabaskee na ñaari kuuy yu duuf am ay béjjan, mu rendi leen ci loxoom, tudd Yàlla daal di kàbbar, teg tànkam bi ca seen doq ya

Jële nañu ci Anas yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tabaskee na ñaari kuuy yu duuf am ay béjjan, mu rendi leen ci loxoom, tudd Yàlla daal di kàbbar, teg tànkam bi ca seen doq ya.
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Anas yal na ko Yàlla dollee gërëm day nettali ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa rendi ci loxoom ci bisu feetu Tabaski ñaari xar yu góor yu mag am ay béjjan nekk yu weex te rax ñuul, mu wax: bismil Laahi wallaahu Akbar, mu teg tànkam ca doq ga.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/2971

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee